



Building Bridges for today's students to cross into tomorrow's world with equity, innovation and optimism

Administration Building • 13A Dickinson Avenue • Nyack, NY 10960 • (845)353-7000
Phone: (845) 353-7015 • Fax: (845) 353-0508 • Email: jmontesano@nyackschools.org

James J. Montesano, Ed.D.
Superintendent of Schools

Chè Paran ou Gadyen,

Lekòl Piblik Nayak la ap itilize yon pwogram entènèt ki baze sou sèten aplikasyon (Sa nou refere souvan kòm “apps”) Aplikasyon sa you se pou pèmèt pitit ou genyen resous edikasyonèl ki efektif pou li menm ak pwofesè li ka itilize. Se pa Distri Lekòl Nayak la ki devlope e fè aplikasyon sa yo mache. Men li pa limite a pwogram sa yo sèlman. Nap jwenn yon lis pwogram ak aplikasyon yo nan sit entènèt lekòl la ki se: www.nyackschools.org . Nap jwenn enfòmasyon sa yo anba (Resous pou Paran) Parent Resources → [Bill of Rights](#) →(Deklarasyon Dwa Moun) Tanpri note byen ke lis sa apral mete ajou detanzantan pandan ke nap adisyone ou retire aplikasyon sa yo pandan ane a.

Pou elèv yo kapab itilize aplikasyon sa yo, gen sèten enfòmasyon pèsònèl ki idantifye yo ke oblije bay konpayi ki fè aplikasyon yo mache. Enfòmasyon pèsònèl tèlke : non elèv la ak adrès elektwonik li (imèl). Daprè lalwa federal, sit entènèt sa yo dwe enfòmè paran yo e dwe genyen konsantman yo anvan menm yo rasanble enfòmasyon pèsònèl timoun anbazaj 13an. Sepandan, lè yo rasanble enfòmasyon pèsònèl sa yo, se pou itilizasyon edikasyon e non pou rezon komèsyal. Lalwa pèmèt distri lekòl tankou Distri Lekòl Nayak la pou bay konsantman pou rasanble/kolete enfòmasyon pèsònèl sou non elèv yo.

Fòm sa se pou enfòmè ou ke Distri Lekòl Nayak la bay konsantman l pou bay enfòmasyon pèsònèl pitit ou tèlke: prenon, non fanmi l, adrès elektwonik/imèl ak non li itilize pou entènèt bay òganizasyon ki anchaj pouf è pwogram nan mache. W’ap jwenn enfòmasyon sa yo nan sit entènèt lekòl la www.nyackschools.org anba (Resous pou Paran)Parent Resources → (Deklarasyon dwa moun) [Bill of Rights](#). W’ap jwenn enfòmasyon sou lòt aplikasyon ke òganizasyon anchaj pwogram yo ajoute pandan ane a. Jan nou te ti anvan, enfòmasyon pèsònèl Distri a bay enkli non ak prenon pitit w imèl/adrès elektwonik. Anplis,desa, pandan elèv ak pwofesè ap itilize aplikasyon sa yo, gen dwa gen lòt enfòmasyon pèsònèl ki vin kreye ou konsève tèlke: nòt elèv yo, travay yo etc... ki gen pou kenbe objektif e entansyon aplikasyon yo.

Si ou pa vle Distri a bay enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ptiti ou pou li ka itilize aplikasyon entènèt sa yo, ou dwe enfòmè Distri a alekri nan 26 novanm 2019. Voye enfòmasyon an dirèkteman nan ofis santral lekòl pitit ou. Tanpri, si w chwazi pou pa vle bay enfòmasyon pèsònèl piti w bay òganizasyon ki an chaj aplikasyon entènèt la, pitit ou pap kapab itilize aplikasyon entènèt Distri a ofri.

Si ou genyen okenn kesyon, tanpri kontakte Jocelyn Abraham, (845) 353-7044.

Sensèman,

James Montesano, Ed.D.
Superintendent of Schools